

## **BEZWEN IJAN POU SWEN PÈSONÈL/SÈVIS ASISTANS PÈSONÈL POU KONSOMATÈ**

Si ou panse ou gen yon bezwen imedyà pou jwenn Sèvis Swen Pèsonèl (Personal Care Services, PCS) oswa Sèvis Asistans Pèsonèl pou Konsomatè (Consumer Directed Personal Assistance Services, CDPAS) tankou sèvis netwayaj kay, preparasyon manje, benyen, oswa pwòpte, kalifikasyon w pou sèvis sa yo kapab gen tretman ki fèt pou li pi rapid si ou respekte kondisyon ki pi ba yo:

- Ou pa gen okenn responsab swen enfòmèl ki disponib, kapab, epi gen volonte pou ba ou swen oswa pou kontinye ba ou swen;
- Ou p ap resevwa èd ki nesèsè nan men yon ajans sèvis swen nan kay;
- Ou pa gen okenn ekipman adaptasyon oswa espesyalize oswa ekipman ou itilize pou satisfè bezwen ou yo; epi
- Ou pa gen asirans tyès pati (prive) oswa avantaj Medicare ki disponib pou peye pou èd ki nesèsè yo.

**Si ou pa genyen kouvèti Medicaid**, epi ou pa respekte kondisyon ki pi wo yo, ou kapab mande pou yo trete aplikasyon Medicaid ou a pi rapid lè w voye: yon Aplikasyon Asirans Sante Access NY ki ranpli (DOH-4220); Sipleman A Access NY an (DOH-5178A), si sa nesèsè; yon òdonans doktè (DOH-4359 oswa HCSP-M11Q) oswa yon Deklarasyon Bezwen Pwofesyonèl Swen Sante (DOH-5779) pou sèvis (ale gade NÒT ki pi ba a); epi yon "Atestasyon Bezwen Imedyà" ki siyen (paj 3 nan avi sa a).

**Si ou deja genyen kouvèti Medicaid ki pa genyen ladan l kouvèti pou sèvis swen kominotè alontèm**, ou dwe voye yon Sipleman A Access NY (DOH-5178A); yon òdonans doktè (DOH-4359 oswa HCSP-M11Q) oswa yon Deklarasyon Bezwen Pwofesyonèl Swen Sante (DOH-5779) pou sèvis (ale gade NÒT ki pi ba a); epi yon "Atestasyon Bezwen Imedyà" ki siyen (paj 3 nan avi sa a).

**Si ou deja genyen kouvèti Medicaid ki genyen ladan l kouvèti pou sèvis swen kominotè alontèm**, ou dwe voye yon òdonans doktè (DOH-4359 oswa HCSP-M11Q) oswa yon Deklarasyon Bezwen Pwofesyonèl Swen Sante (DOH-5779) pou sèvis (ale gade NÒT ki pi ba a); epi yon "Atestasyon Bezwen Imedyà" ki siyen (paj 3 nan avi sa a).

**REMAK:** Si ou poko gen 18 lane, ou dwe vin ak yon fòm òdonans doktè (DOH-4359 oswa HCSP-M11Q). Si ou gen 18 lane oswa pi plis, ou kapab vin ak swa yon Deklarasyon Bezwen Pwofesyonèl Swen Sante (DOH-5779) oswa yon òdonans doktè (DOH-4359 oswa M11Q).

**Si ou pa ko genyen kouvèti Medicare oswa ou genyen kouvèti Medicaid ki pa genyen ladan l kouvèti pou sèvis swen kominotè alontèm:** Tout fòm ki obligatwa yo (gade lis ki apwopriye a, anlè a) dwe ale jwenn biwo sèvis sosyal ki toupre kote w rete a oswa, si w ap viv nan vil New York la, yo dwe ale jwenn Administrasyon Resous Imèn nan (Human Resources Administration, HRA). Lè sa posib, apre l fin resevwa tout fòm sa yo, biwo sèvis sosyal la/Resous Imèn pral verifye pou l asire l ou te voye tout enfòmasyon ensesè pou detèmine kalifikasyon w pou Medicaid. Si yo bezwen plis enfòmasyon, yo dwe voye yon lèt ba w, pa pi plis pase kat (4) jou apre yo fin resevwa fòm obligatwa sa yo, pou yo mande w enfòmasyon ki manke yo. Lèt sa pral di w ki dokiman oswa enfòmasyon ou dwe voye ak dat limit pou w voye yo ale a. Sa pa dwe pran pi plis pase 7 jou apre biwo sèvis sosyal/Resous Imèn fin resevwa enfòmasyon nesèsè yo pou yo fè w konnen ou kalifye pou Medicaid. Sa pa dwe pran pi plis pase 12 jou apre yo fin resevwa enfòmasyon nesèsè yo pou biwo sèvis sosyal/Resous Imèn detèmine si ou kapab benefisye PCS oswa CDPAS si yo dekouvri w kalifye pou Medicaid. Ou pa kapab benefisye swen a domisil Medicaid ap ofri a sof si yo dekouvri ou kalifye pou Medicaid. Si yo wè ou kalifye pou Medicaid ak PCS oswa CDPAS, biwo sèvis sosyal/Resous Imèn pral fè w konnen sa a epi ou pral benefisye swen a domisil la tousuit lè sa posib.

**Si ou pa ko genyen kouvèti Medicare oswa ou genyen kouvèti Medicaid ki genyen ladan l kouvèti pou sèvis swen kominotè alontèm:**

Òdonans doktè (DOH-4359 oswa HCSP-M11Q) oswa Deklarasyon Bezwen Pwofesyonèl Swen Sante a (DOH-5779), ak Atestasyon Bezwen Imèdyà a ki siyen dwe ale jwenn biwo sèvis sosyal/Resous Imèn ki toupre w la. Sa pa dwe pran pi plis pase 12 jou apre yo fin resevwa fòm obligatwa sa yo pou biwo sèvis sosyal/Resous Imèn lan detèmine si ou kapab benefisye PCS oswa CDPAS. Si yo wè ou kalifye pou PCS oswa CDPAS, biwo sèvis sosyal/Resous Imèn pral fè w konnen sa a epi ou pral benefisye swen a domisil la tousuit lè sa posib.

Ou kapab jwenn fòm nesèsè yo nan depatman sèvis sosyal ki toupre w la oswa yo disponib pou enprime yo sou sit entènèt Depatman Sante a nan: [http://www.health.ny.gov/health\\_care/medicaid/#apply](http://www.health.ny.gov/health_care/medicaid/#apply)

## **Atestasyon Bezwen Ijan pou Sèvis Swen Pèsonèl/Sèvis Asistans Pèsonèl pou Konsomatè**

Mwen menm, \_\_\_\_\_ (Non)

deklare mwen nan bezwen Ijan Sèvis Swen Pèsonèl oswa Sèvis Asistans Pèsonèl pou Konsomatè.

Mwen deklare tou:

- Mwen pa gen okenn moun enfòmèl ki disponib, kapab, epi gen volonte pou ban m swen oswa pou kontinye ban m asistans;
- Pa gen okenn ajans sèvis swen a domisil ki ap ban m asistans;
- Bagay sa yo m pral site la a se pa bagay m ap itilize pou reponn ak bezwen mwen, se pa bagay ki kapab reponn ak bezwen asistans mwen genyen. Bagay sa yo se: ekipman oswa founiti adaptasyon oswa espesyalize men ki pa limite ak tab chevè pou kabann, irinwa, beki oswa chèz woulant.
- Pa gen asirans tyès pati (prive) oswa avantaj Medicare ki disponib pou peye pou èd ki nesèsè yo.

**Mwen konfime enfòmasyon ki nan fòm sa a se enfòmasyon ki kòrèk epi ki konplè dapre tout sa m konnen.**

SIYATI MOUN KI APLIKE A/REPREZANTAN LI

DAT SIYATI A:

### **Moun k ap Resevwa Sèvis Swen Alontèm nan yon Mezon Retrèt oswa nan yon Etablisman Lopital**

Si w ap resevwa sèvis swen alontèm nan yon mezon retrèt oswa nan yon etablisman lopital epi w gen entansyon retounen lakay ou, tretman kalifikasyon w pou Sèvis Swen Pèsonèl oswa Sèvis Asistans Pèsonèl pou Konsomatè yo kapab trete pi rapid. Suiv direktiv ki nan paj anvan an epi ranpli enfòmasyon yo mande pi ba yo.

Mwen nan yon mezon retrèt oswa yon etablisman lopital epi mwen gen yon dat ki deja tabli pou m tounen lakay mwen.

\_\_\_\_\_  
DAT

Kontakte m oswa kontakte reprezantan legal mwen pandan w ap rele nan \_\_\_\_\_